

Apèl Sèvis Dyosezyen 2023 Priyè Fidèl Yo

Pou nou ka wè travay Apèl Sèvis Dyosèz 2023 la kòm yon opòtinite pou pwolonje lanmou nou ak sèvis nou pi lwen pase fwontyè pawas nou an ak kominote lokal nou an..... **An nou lapriyè**

Menm jan Apot yo te fè pou premye Legliz la, se pou nou fè efò pou nou vin Disip Kris la ak entandan Granmèt la lè nou sipòte ministè ak sèvis yo te rann posib gras a Apèl Sèvis Dyosèz la: "Menm jan Papa a voye m, se konsa mwen voye nou"...

An nou lapriyè

Kòm nou te resevwa anpil benediksyon nan men Granmèt la, kèlkeswa li te gwo oswa piti, se pou nou jwenn li nan kè nou pou nou ka charitab epi ede moun ki nan bezwen nan sipòte Apèl Sèvis Dyosezyen an;

An nou lapriyè

Pou nou ka reprezante Jezi pou lòt moun yo, pote mizèrikòd li a pou moun ki majinalize yo, ki malad e ki ap souffri ki nan bezwen jwenn sipò atravè kado nou yo nan Apèl Sèvis Dyosezyen an...

An nou lapriyè

Pou nou kapab reponn san gad dèyè Apèl Sèvis Dyosezyen 2023 la kòm entandan fidèl kado Bondye konfyè nou yo...

An nou lapriyè

An nou lapriyè pou ke lè nou sipòte Apèl Sèvis Dyosezyen an, kominote pawas nou yo pral nourri lafwa nan jèn nou yo epi pouse yo nan yo yon dezi pou youn sèvi lòt kòm manm kò Kris la...

An nou lapriyè

Pandan n ap reflechi sou anpil benediksyon Bondye ban nou yo, se pou nou eksprime rekonesans nou antanke disip Kris la lè nou bay nan Apèl Sèvis Dyosezyen an...

An nou lapriyè

Pou nou ka kontinye mache ak Bondye kap ranpli nou avèk lafwa ak rekonesans, lè nou patisipe nan Apèl Sèvis Dyosezyen 2023 nou an,

An nou lapriyè

Se pou nou ka pataje anpil benediksyon Bondye ban nou epi bay nan Apèl Sèvis Dyosèz la avèk jenerozite;

An nou lapriyè

Se pou nan rekonesans nou pou anpil kado Bondye ban nou, nou pataje nan misyon Legliz la lè nou patisipe nan Apèl Sèvis Dyosèz 2023 nou an,

An nou lapriyè

Pou nou ka wè Apèl Sèvis Dyosezyen 2023 an kòm yon opòtinite pou nou mete ansanm ak frè ak sè nou yo nan pawas la pou youn sèvi lòt kòm entandan kretyen,

An nou lapriyè

Pou atravè Apèl Sèvis Dyosèz 2023 la, nou ka travay pou konstwi kominote lafwa nan dyosèz nou an, pataje bon nouvèl Jezi a ak tout lòt moun,

An nou lapriyè

Pou tout moun, ke Bondye pral vrèman beni yo pou sipò yo nan pawas nou an ak dyosèz nou an nan Apèl Sèvis Dyosezyen 2023 a...

An nou lapriyè